



MASSACHUSETTS
Department of Elementary
and Secondary Education

Si w ap rankontre difikilte kounye a, timoun ou yo ki gen laj pou lekòl ka kalifye pou sèten dwa ak pwoteksyon dapre Lwa federal McKinney-Vento.

ENSKRI LEKÒL

Tout timoun ki gen laj lekòl nan Massachusetts kapab ale nan lekòl leta gratis. Elèv ki fè eksperyans enstabilite lojman oswa sanzabri kapab:

- Kontinye ale nan lekòl peyi yo soti (lekòl yo te frekante nan peyi yo te rete oswa dènye lekòl yo te enskri a), si se preferans fanmi yo epi si sa posib. Sou demann fanmi yo, yo ka resevwa transpò pou jiska inèdtan pou ale ak pou soti nan lekòl orijin yo.
- Oswa, enskri nan lekòl lokal la imedyatman epi ale nan klas - menm si elèv la pa gen dokiman ki jeneralman obligatwa - jiskaske lekòl la rasanble dokiman ki nesesè yo. Yo ta bay transpòtasyon menm jan ak lòt timoun nan distri a.
- Resevwa sèvis edikasyon selon bezwen pitit ou a. Fè apèl kont desizyon enskripsyon distri a.
- Aksede sèvis edikasyon espesyal si elèv la gen yon Pwogram Edikasyon Endivididyèl (IEP).
- Patisipe nan nenpòt aktivite lekòl ki disponib pou lòt elèv yo. Resevwa manje gratis nan lekòl la.



KONTAKTE NOU JODI A

